



## **PWOSE VÈBAL OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL KOMISYON K AP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO**

**11 Me 2021**

Gwoup k ap Travay sou Egzamen Admisyon nan Boston School Committee te fè yon reyinyon adistans sou Zoom nan dat ki te 11 Me 2021 an. Pou plis enfòmasyon sou detay ki anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, email [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Boston School Committee nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manb Komisyon k ap jere Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Prezan: Vis-Prezidan Michael Contompasis; Vis-Prezidan Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerit; Rosann Tung; epi Tamara Wait.

Manb Komisyon k ap Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo ki te Prezan: Katherine Grassa; akTanya Freeman-Wisdom.

Pèsonèl BPS ki te Prezan: Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

### **Domikan Yo Te Prezante**

[Ajanda](#)

[Pwosè vèbal Reyinyon an: Reyinyon 4 me 2021 an](#)

[Prezantasyon: Mizajou Sou Egzamen Admisyon Lekòl yo](#)

### **Apèl Pou Fè Demand**

Mr. Contompasis te rele nan reyinyon an pou l fè demand. Li anonse ke te gen sèvis intèpretasyon, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap vède, Vyètnamyen, Kantonè, Mandaren, Pòtigè, Somalyen, Arab, ak Lang Siy Ameriken ki te disponib nan moman reyinyon an; entèprèt yo te

## Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.

Zoom

11 Me 2021

prezante yo e bay enstriksyon nan lang matènèl you sou kijan pou patisipan yo chanje chanèl Zoom nan pou yo ka aksede ak sèvis entèpretasyon similtane a.

Madam Parvex te fè apèl. Ms. Grassa ak Dr. Freeman-Wisdom te absan. Ms. Skerritt and Ms. Waite te rive aprè apèl la.

### APWOBASYO<sub>n</sub> PWOSE VÈBAL REYINYON: 4 Me 2021

**Apwouve** - Komisyon an ansanm te apwouve pwose vèbal reyinyon Komisyon k ak Jere Egzamen Admisyon Lekòl yo 4 Me 2021 an.

### PREZANTASYON

Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite, te prezante yon pwendvi jeneral konsènan enfòmasyon an plis ak done pou egzamen admisyon lekòl yo. Done ke li te prezante:

- Sektè Resansman fas ak Jeyokòd
- Endis opòtinite
- Pi Gwo Pousantaj Lekòl la
- Pousantaj Elèv ki Defavorize Ekonomikman akòz Lekòl la
- Replikasyon Nivo Chicago

Madam Hogan te eksplike ke genyen apeprè 178 sit resansman nan vil Bosotn. Sa yo se revizyon chak 10 lane ki fèt nan kad pwosesis resansman Etazini, ak done ke sit resansman an mete a dispozisyon distri a ki gen landan l tout done ki fè pati Sondaj Kominote Ameriken. Geocode te kreye nan ane 1970 epi gen anviwon 800 geocode nan vil Boston. Pa gen okenn done ki di kijan oswa kilè geocode te refòme, e done Sondaj Kominote Ameriken pa disponib nan geocode.

Madam Sullivan te mande ekip la pou yo chèche èske geocode te refòme depi dat 1970 la, paske sa ki te vin nan lide l se te vyolasyon-limit, ak kijan geocode(kondisyon kominote a) ka fè enpak youn sou lòt.

Madam Tung te vle konnen kòman yo te itilize geocode. Madam Hogan te di li sèlman konnen kòman Boston Public Shool (BPS) konn itilize l nan Opportunity Index (OI) pou mezire kantite tan yon elèv deplase pandan senk dènye ane yo.

Madam Lum te mande si yo te itilize geocode oswa sektè resansman pou detèmine si lekòl yo oswa distri yo kalifye pou kantin. Madam Hogan te eksplike ke avan 2014, distri yo nan Massachusetts te konn rasanble done nan menm moun nan fanmi yo pou detèmine si yo kalifye, men depi lè Boston te patisipe nan Community Eligibility Provision nan, ki vle di ke tout elèv yo kalifye pou resevwa kantin, kèlkeswa revni yo.

Mesye Acevedo te vle ki lòt fason ankò distri a itilize done sektè resansman an. Madam Hogan te reponn opsyon prensipal la se atravè Opportunity Index. Madam Hogan te kontinye eksplike

Opportunity Index la. Li te di ke genyen twa eleman fondamantal nan nòt Opportunity Index yo: Konpozisyon Katye a, karakteristik endividyèl elèv la, e ansyen pòfòmans nivo elèv la. Yo te adisyone sa yo ansanm epi yo rele l konpoze pondere kote yo te detèmine pwa apati de yon modèl estatistik done istorik. Li te eksplike kòman lekòl la resevwa yon Opportunity Index (OI) an 01 a 99. youn nan bagay li te di seke akòz nati endividyèl done ki nan OI yo, se pa yon bagay distri a ap kapab kalkile pou lekòl ki pa lekòl BPS.

Mesye Acevedo te mande ki nòt limit pou lekòl yo te jwenn aksè ak lajan finans patenaryal nan men BPS ane pase. Madam Hogan te eksplike ke yo itilize Opportunity Index la pou distribye fon patenaryal e yo distribye fon sa yo bay tout lekòl pou yo depanse espesyalman nan òganizasyon patnè nan kominote yo pou sipòte elèv yo.

Mesye Contompasis te poze kesyon sou kantite nòt Opportunity Index yo. Madam Hogan te eksplike to te etabli kantite sa yo o kòmansman dapre Inisyativ Rechèch nan Rejyon Boston (BARI). Aprè premye ane aplikasyon an, yo te revize modèl la dapre kòmantè kominote a ak lekòl yo te fè, epi yo te fè kèk ajisteman nan done yo. Li te di tou yo itilize done katye yo pou pandan senk-lane an mwayen, eke eleman yon nan modèl sa a pa chanje men yo fè mizajou nan done yo chak ane. Li te di sa yo pa vle se pou lekòl yo pa antre soti nan fon patenaryal la, kote yo ka pa kapab kenbe yon patenarya ane apre ane.

Madam Skerrit te mande ki eleman, espesyalman nan kritè Opportunity Index la, ke yo ka soutni pi fasil, si se atravè rejis piblik oswa rapò Depatman Edikasyon Segondè ak Eleman (DESE) pou lekòl ki pa lekòl BPS yo, si yo vle evalye nivo yo nan vil la kèlkeswa tip de lekòl ke elèv la te la te frekante.

Madam Hogan te reponn, distri a ta dwe genyen adrès chak grenn elèv pou yo chèche enfòmasyon sa pou lekòl la. Li te mansyone ke done katye disponib pou tout piblik la nan sektè resansman an, konsa yo t ap bezwen detèmine kote elèv nan tèl lekòl rete.

Madam Lum te mande pou l jwenn plis enfòmasyon sou nòt yo e kòman yo konnen lè yon lekòl kalifye pou finans patenaryal. Madam Hogan te eksplike ke Opportunity Index la te fèt pou montre bezwen ki lye ak lòt lekòl yo nan distri a, konsa li te fèt espesyalman pou distribisyon resous nan distri a.

Madam Sullivan te mande klarifikasyon si gen nòt Opportunity Index ki pi ba vle di gen plis oswa mwens bezwen e Madam Hogan te konfime ke nòt Opportunity Index ki pi ba vle di gen mwens bezwen.

Madam Lum te vle konnen si distri a te konnen nòt lekòl ki voye nan egzamen yo a lekòl k ap òganize egzamen yo. Madam Sullivan te klarifye ke yo t ap kapab jwenn nòt lekòl ki voye yo ki se lekòl BPS kòm distri a pa gen enfòmasyon pou lòt lekòl yo.

Après, Madam Hogan te prezante modèl Top Percentage Of School pou egzamen Admisyon Lekòl yo. Modèl li te prezante a te parèy ak modèl pa eta Texas la, kote 10% nan pi bon elèv ki gradye yo admi dofis pou yo rantre nan yon inivèsite piblik nan eta a. Prezantasyon li a te gen BPS, Lekòl gratis ki pa lekòl leta, Lekòl prive ak lekòl pawasyal. Li montre konbyen elèv 5% ak

## Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.

Zoom

11 Me 2021

10% t ap ye. Aprè yo te fin poze l kesyon, li te klarifye ke yo klasifikasyon klas la fèt dapre nòt mwayenn jeneral (GPA).

Manb yo te mande klarifikasyon konsènan konbyen elèv yo klas yo genyen nan diferan lekòl ak konbyen pousantaj la ye. Mesye Chernow te vle konnen plis sou 5% oswa 10% pi bon elèv k ap pèfòme nan lekòl ki pa nan BPS yo. Madam Hogan te reponn si sa se yon bagay ki enpòtan pou n chèche konnen, y ap bezwen pale avèk patnè nan lòt lekòl yo sou kòman pou yo idantifye elèv sa yo.

Lòt sijè Madam Hogan te prezante se te pousantaj Elèv ki Defavorize Ekonomikman akòz Lekòl la. DESE te bay done yo men se te sèlman pou BPS ak Lekòl gratis ki pa lekòl leta yo. Li te montre ke majorite lekòl ki gen sizyèm oswa uityèm ane yo genyen plis pase 50% elèv yo ekonomikman defavorize.

Mesye Lum te mande si DESE te chèche done pou lekòl prive yo menm jan yo fè pou lekòl piblik yo. Madam Hogan te di li pa konnen kòman DESE fonksyone avèk lekòl prive yo, si li fè yo rann kont mwen jan li fè lekòl piblik rann kont atravè nòt MCAS yo, tès ke elèv lekòl prive yo pa pran.

Epi dènye sijè Madam Hogan te prezante se te kòman pou yo kreye yon sistèm klasifikasyon avèk done resansman sa yo. Li te eksplike kòman ekip li a te swiv modèl achicago a jan yo itilize done Sondaj Kominotè Ameriken an avèk sektè resansman e pi gade pou yo wè kijan rezilta ap ye nan vil Boston.

Yo te mete detay sa yo ladan:

- Revni Mwayèn nan Fanmi
- Pousantaj fanmi pwopriyetè a ap okipe
- Pousantaj fanmi ki gen yon sèl paran kòm chèf li
- Pousantaj fanmi kote yo pale yon lang ki pa lang Anglè.
- Nivo edikatif-
  - Pa gen yon diplòm fen etid segondè
  - Diplòm fen etid segondè
  - Kèk Inivèsite
  - Diplòm inivèsite
  - Diplòm pi wo nivo.

Li eksplike ke yo te jwenn done sa a nan sektè resansman e kòman yo fè klasifikasyon an. Li te di done sektè resansman an te montre plis diferans ki genyen nan yon kòd postal pou egzamine diferan nivo sosyo-ekonomik men klasifikasyon an sèlman fèt apati de kay elèv la, men pa adrès lekòl ki voye l nan egzamen an.

Madam Sullivan te di ke li pa konprann kòman sa ta kapab posib avèk divèsite sosyo-ekonomik ki genyen, e li mande tou kijan l ta ka posib pou yo avanse divèsite jeyografik. Madam Hogan te di akòz kantite klasifikasyon yo, li pa kwè ke tout envitasyon nan egzamen lekòl yo ap konsantre nan yon katye nan nenpòt nivo yon klasifikasyon.

## Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.

Zoom

11 Me 2021

Doktè Tung te poze kesyon sou klasifikasyon ak timoun ki gen laj pou ale lekòl.. Madam Hogan te eksplike ke jan yo divize klasifikasyon an, yo itilize kantite timoun ki gen laj ki pou ale lekòl nan done sektè resansman an epi detèmine kantite sektè ki nan chak klasifikasyon pou yo ka jwenn yon kantite brit ki egal ak kantite timoun ki gen laj pou ki ale lekòl nan chak klasifikasyon

Madam sullivan te ajoute ke yo vle fè sèten ke genyen ekite nan nenpòt pwosesis ke yo rekòmande nan plan an, fè sèten ke repatisyon plas yo pwopòsyonèl, sa ki diferan de yon pousantaj egal, oswa ta ka diferan de yon pousantaj plas egal nan yon klasifikasyon patikilye. Madam Hogan te raple manb yo ke se te vreman yon pwoblèm nan jan yo chwazi done yo nan Chigago, swiv metòd yo ki ka oswa ki ka pa bay menm elelman ke komisyon an chwazi.

Madam Lum te ajoute ke aplikan pou egzamen yo genyen yon nivo laj, menm si ou ta gen timoun ki gen menm kantite laj pou lekòl nan chak filyè, sa p ap afekte ke lefètke ou gen menm kantite elèv ki kalifye pou egzamen an nan chak filyè Madam Hogan te di ke se yon faktè pou nou konsidere, tout timoun ki gen laj pou lekòl ki kalifye pa fòseman yon aplikan.

Pou fini, Madam Hogan te eksplike Varyab Pèfòmman Lekòl Chicago yo, ke Chicago te ajoute aprè yo te fin fè premye aplikasyon inisyal yo. Sa se yon mwayèn sou nòt konpozit nan egzamen estandatize lekòl leta.

Madam Sullivan te mande kisa Lekòl piblik Chicago yo t ap eseye reyalize avèk varyab pèfòmans sa a, kòm li pa t fè pati de metòd orijinal yo. Li panse ke l t ap bon pou yo konprann ki pwoblèm ke Chicago t ap eseye afrente ki fè yo te ajoute eleman patikilye sa a, konsa pou komisyon an te ka pi byen konprann koman li ka oswa lik pa ale avèk vizyon Boston.

Madam Sullivan te raple Madam Hogan ke manb yo espere jwenn done istorik ak dezegregasyon konsènan envitasyon nan egzamen lekòl yo nan reyinyon ki te fèt 14 Me. Li te ajoute ke se yon priyorite pou ke komisyon an resevwa enfòmasyon sa yo.

Madam Tung te raple manb yo ke li ta renmen fè yon ti pale sou term rigor a epi si genyen yon definisyon konnsansis pou mo rigor pou yo ka avanse piske se te youn nan responsablite komisyon an. Madam Lum te ajoute kòm yon pwèn pou yo deba si regleman rigor la se yon bagay ki ka ranje, oswa se yon bagay ki relatif.

Mesye Chernow te fè yon demann a prezantatè yo ak manm komisyon an pou yo itilize plis tèm ke moun ka konprann fasil l ap bon pou li menm avèk piblik la.

Mesye Acevedo te fè kòmantè li te di ke li panse ke li t ap pi enpòtan pou komisyon an li desizyon Tribinal Etazini. Madam Sullivan te di li dakò avèk mesye Acevedo, li te di ke li twouve ke desizyon sa a aprann li anpil sitou pou travay sa a ki devan yo a, e li panse ke li t ap yon bon lide pou yo mande mesye Michael Keating, avoka nan Foley Hoag LLP, pou pale plis de sa avèk komisyon an pou ke yo ka asire yo ke yo tout yo gen yon konpreyansyon debaz sou bagay sa pou yo ka travay.

**KOMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL**

**Reyinyon Adistans Komisyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon Lekòl yo.**

**Zoom**

**11 Me 2021**

- Weimin Zhao, rezidan West Roxbury, paran Boston Latin School (BLS) , temwanye sou rezilta envitasyon SY20-21 yo.
- Jingsong Cao, rezidan West Roxbury, paran BPS, temwanye kont metòd admisyon tanporè ane lekòl sa a.
- Veronika Brozek, rezidan South End, paran, mande komisyon an tanpri kenbe timoun yo nan lespri yo epi pou pwosesis la ka jis.
- Yufang Rong, rezidan West Roxbury, paran BLS , temwanye kijan plan entèrimè sa te fè fanmi yo mal.
- Minnie Bareng, rezidan West Roxbury, paran BPS, temwanye kont metòd admisyon tanporè ane lekòl sa a.

**FEN KOMANTÈ YO.**

Pa t gen anyen ankò vis-prezidan yo remèsye manb yo pou tan yo.

**FEN REYINYON AN**

a anviwon 7:05 p.m. yo fè apèl poukomite a vote, pou yo ka fini reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex  
Asistan administratif.